

# Avi sou Avantaj ki Disponib anba M.G.L. Chapit 175M Konje Peye pou Fanmi ak Swen Medikal Leave (PFML)

## Koumanse 1ye oktòb 2019:

- Anplwayè yo pral dedwi kontribisyon pewòl yo apatide salè oswa lòt lajan yon moun ki gen pwoteksyon an touche pou finans avanta pou PFML yo.


## Koumanse 1ye janvyè 2021:

- Moun yo ki gen pwoteksyon gendwa benefisye jiska 20 semèn konje peye medikal nan yon ane avanta si yo gen yon pwoblèm sante grav ki fè yo pa kapab travay.
- Moun yo ki gen pwoteksyon gen dwa benefisye jiska 12 semèn konje peye pou fanmi nan yon ane avanta pou nesans, adopsyon oswa plasman yon timoun lakay yo nan fwaye dakèy oubyen paske gen yon egzijans ki kalifye poutèt yon manm fanmi a ap fè sèvis militè aktif oubyen yo te notifye li yo pral rele li byento pou re pran sèvis militè aktif nan Fòs Ame peyi a.
- Moun yo ki gen pwoteksyon gen dwa benefisye jiska 26 semèn konje peye pou fanmi nan yon ane avanta pou swen yon fanmi ki manm sèvis ki garanti ki gen yon pwoblèm sante grav.

## Koumanse 1ye jiyè 2021:

- Moun yo ki gen pwoteksyon gen dwa benefisye jiska 12 semèn konje peye pou fanmi pou swen yon fanmi ki gen yon pwoblèm sante grav.

**Moun yo ki gen pwoteksyon kalifye pou 26 semèn otoutal, lè yo mete tout konje yo ansanm, konje peye pou fanmi ak pou swen medikal nan yon ane avanta.**



## Kimoun Lalwa Konsidere kòm yon Moun ki gen Pwoteksyon?

Anjeneral, yon travayè kalifye kòm moun ki gen pwoteksyon epi li gendwa kalifye pou konje peye pou fanmi ak konje peye medikal si:

- li touche yon salè nan men yon anplwayè nan Massachusetts; oswa
- li abite nan Massachusetts epi li ap touche selon yon kontra sèvis li siyen ak yon antite Massachusetts k ap peye li epi ki oblije deklare peman pou sèvis yo sou Fòm IRS 1099-MISC pou piplis pase 50 pousan mendèv li; oswa
- li se yon travayè endepandan ki travay nan Massachusetts epi li chwazi antre nan pwogram la.

## Pwoteksyon Djòb

Anjeneral, yon anplwaye ki te pran yon konje peye pou fanmi oswa yon konje medikal dwe tounen nan menm pozisyon li te genyen anvan an oubyen nan yon pozisyon ki sanblab, ki gen menm otorite, menm salè, menm avanta travay, menm kredi dire sèvis ak ansyènte ak sa li te genyen anvan li te pran konje peye an.

*Pwoteksyon djòb sa yo pa aplikab pou antreprenè anba kontra.*

## Avantaj chak Semèn


Pou finans avanta pou PFML yo, anplwayè yo pral dedwi kontribisyon pewòl yo nan salè oubyen nan lòt lajan yon moun ki gen pwoteksyon touche koumanse 1ye oktòb 2019. Moun yo ki gen pwoteksyon kapab aplike pou avanta pou koumanse nan mwa janvyè 2021 opre Depatman Konje Peye pou Fanmi ak Konje Medikal Peye. Salè mwayen pa semèn yon moun ki gen pwoteksyon pral detèmine montan avanta li, jiskaske li rive nan \$850, ki se montan avanta maksimòm pou yon semèn.

## Reprezay oubyen Diskriminasyon Entèdi

- Li ilegal pou yon anplwayè diskrimine oubyen fè vanjans kont yon anplwaye poutèt li te egzèze kèlkeswa dwa lalwa garanti pou li.
- Yon anplwaye oswa yon ansyen anplwaye ki viktim diskriminasyon oubyen reprezay poutèt li t ap egzèze dwa lalwa ba li, gen dwa anvan twa (3) lane fin pase apre vyolasyon an te rive, lanse yon aksyon devan tribinal siperyè lajistis, epi li ka gen dwa resevwa domaj-entèdi ki egal ak twa (3) fwa montan salè li manke touche a.

## Plan Prive yo

Si yon anplwayè ofri anplwaye yo konje peye pou fanmi, konje medikal peye oubyen toulede alafwa, avèk avanta ki omwens egal oubyen plis toujou ak sa lalwa garanti yo, anplwayè a gendwa aplike pou yon egzanpsyon pou pa peye kontribisyon yo. Anplwaye yo kontinye jwenn pwoteksyon kont diskriminasyon ak reprezay selon lalwa lè yon anplwayè chwazi pou bay avanta konje peye gras a yon plan prive.



**Si ou gen kesyon oubyen preyokipasyon osijè dwa w yo konsènan Konje Peye pou Fanmi ak Konje Peye Medikal, tanpri kontakte: [MassPFML@Mass.gov](mailto:MassPFML@Mass.gov) oubyen al gade nan: [mass.gov/DFML](http://mass.gov/DFML)**

Avi sa a fèt pou afiche yon kote ki byen vizib souplas sou lye travay anplwayè a.